

COVID-19 Sèvis WIC DOH-Miami-Dade

Kesyon kliyan yo poze souvan

- **Mwen pè pou m kite lakay mwen epi mwen pa vle ale nan biwo WIC pou randevou mwen. Kisa mwen dwe fè?**

Tout randevou WIC yo kounye a kapab dwe okipe nòmalman nan telefòn. Si ou gen yon randevou WIC ki deja pwograme, yon anplwaye WIC ap kontakte ou anvan oswa nan dat randevou ou pou ofri ou sèvis WIC la ak pou mete benefis yo souk at la. Ou pa bezwen kontakte biwo WIC la pou randevou ou – Nou ap rele ou. Apèl yo ka soti nan yon nimewo ki sanble bloke oubyen enkonni pa enkyete ou se WIC ki ap rele ou! Nou ap toujou idantifye nou tankou Depatman Sante nan Florid la pou pwogram WIC Miami-Dade.

Tanpri note ke yon pèsònèl biwo a pral fè 3 tantativ yo rele ou pou randevou ou a. Si li posib, nou ap kite yon mesaj ak yon nimewo telefòn pou ou ka retounen nou apèl la. Si nou pa ka jwenn ou li posib pou repwograme randevou a pou yon lòt dat.

- **Mwen li ke sant WIC mwen an di konsa "Fèmen Tanporèman." Eske sa vle di randevou mwen an anile?**

Pou kenbe distans sosyal pandan pandemik COVID-19 la, tout sant WIC yo ap bay sèvis vityelman. Ou ka li ke sant WIC ou a fèmen fizikman; sepandan, randevou ou a pa anile, li pral fèt nòmalman a distans. Ou pral resevwa yon apèl anvan oswa nan dat randevou ou. Tanpri sonje ke ou ka resevwa yon apèl nan yon nimewo ki bloke oswa enkonni, se WIC ki ap rele ou, tanpri reponn telefòn lan. Pou kliyan ki ka bezwen vini nan sant WIC la, nou gen 5 sant WIC ki ouvè. Tanpri rele avan ou vini nan yon sant WIC paske pifò sèvis yo ka fè nòmalman a distans. Pa enkyete ou, nou pral kenbe distans sosyal menm lè ou vini nan sant WIC ou a. Ou ap rankontre yon siy nan devan sant WIC la ap fè w konnen pou ou ka rele pou ou mande plis enstriksyon.

Men lis 5 sant WIC yo ki ouvri:

Hialeah West - 551 West 51st Place, 3rd FL Hialeah, FL 33012

Carol City - 4737 NW 183rd Street Carol City, FL 33055

Frederica Wilson & Juanita Mann - 2520 NW 75th Street Miami, FL 33147

West Dade - 11865 SW 26th Street, Unit #J-6 Miami, FL 33175

Homestead/Florida City - 753 West Palm Drive Florida City, FL 33034

- **Gen yon moun nan biwo WIC la ki te rele m konsènan randevou mwen an, mwen rate apèl la. Kisa mwen ta dwe fè?**

Tanpri kontakte biwo WIC la lè w ap itilize nimewo manm pèsònèl la ki te rete nan mesaj la. Se fason ki pi rapid pou nou sèvi ou.

- **Mwen deja jwenn WIC pou tèt mwen ak pitit mwen. Kòman pou mwen fè pou m kontinye resevwa benefis mwen pandan pandemik la?**

Benefis pou kliyan kap patisipe kounye a yo pral bay otomatikman sou kat EBT ki egziste deja ou nan dat ou nòmalman etabli pou fanmi ou. Si benefis ou yo pa rechaje otomatikman epi ou kwè ke yo ta dwe deja sou kat la, tanpri rele nan 786-336-1300 pou asistans.

- **Kouman pou mwen konnen benefis mwen yo bay yo deja rechaje souk at mwen an ? Kijan pou mwen fè pou mwen cheke balans la?**

Fason ki pi fasil pou cheke benefis WIC ou yo se nan app WIC nan Florid la. Ou ka itilize app WIC la pou ou wè benefis ki disponib yo, lis lè ou al fè makèt ou, nan magazen ki nan zòn ou abite a, ou ka menm eskane atik yo pou ka wè si yo elijib oubyen kalifye pou lis atik WIC bay ou yo nan magazen oubyen makèt la. Li kapab rechaje sou telefòn entelijan nan magazen Apple la oubyen Google Play.

Si ou pa gen app la ou ka aksede kont ou a epi cheke benefis ou yo sou entènèt la [isit la](#).

- **Mwen pèdi djòb mwen akòz coronavirus la e mwen enterese enskri pou WIC. Kisa pou mwen fè sa?**

Tanpri rele sant randevou nou an nan 786-336-1300 pou pran yon randevou. Yo pral ba ou enstriksyon sou sa ki ap atann ak sa ki dokiman yo pral bezwen pou ka enskri ou nan pwogram la.

- **Yo di mwen ke mwen ap bezwen bay prèv idantifikasyon, revni, ak rezidans pandan randevou WIC mwen an. Kijan pou mwen bay biwo WIC la dokiman say o sa yo pandan randevou telefòn nan?**

Ou ap kapab bay dokiman sa yo pandan randevou telefòn ou nan e-mail oubyen fax. Foto dokiman (tankou foto ID) ansanm ak dokiman elektwonik yo (sa vle di souch chèk mwen) ka voye pa e-mail oubyen fax. Yon anplwaye WIC ap rele ou nan dat ou anvan dat randevou ou an epi li pral ba ou yon adrès e-mail oubyen ak yon nimewo fax ki kote ou ka voye enfòmasyon sa yo. Tanpri pran nòt ke tout komunikasyon ak sekirite sa yo ap rete konfidansyèl pou toujou pwoteje kliyan an.

- **E si mwen pa gen e-mail oubyen aksè ak yon machin fax?**

Gen 5 sant WIC ki ap rete ouvè ak sit sa yo kapab ede kliyan ki bezwen prezante fizikman dokiman. Si ou gen yon randevou WIC ki pwograme deja epi ou pap kapab voye dokiman yo elektwonikman, tanpri kontakte sant randevou nou an nan 786-336-1300 pou jwenn konsèy.

- **Mwen pèdi kat EBT mwen an. Kijan mwen ka jwenn yon lòt?**

Si ou bezwen yon kat EBT, genyen 2 opsyon. Opsyon 1: Ou resevwa pa kourye lapòs sètifye. Tanpri kontakte biwo sèvis WIC ou a pou rapòte kat ou pèdi oubyen yo vòlè epi pou yo yon voye yon lòt kat. Opsyon 2: ou ka ale nan yon sit WIC an pèsòn pou yon nouvo kat. Tanpri kontakte sant WIC randevou nou an nan 786-336-1300 pou lis biwo ki louvri yo.

- **Èske mwen ka itilize makèt sou entènèt ak sèvis livrezon tankou Instacart® oubyen lòt sèvis (apps) yo pou achte manje WIC yo?**

Nan moman sa a, ou pa ka achte pou manje WIC sou entènèt. Instacart® ak lòt metòd livrezon kounye a yo pa fè pati nan pwogram WIC la. Pou yon lis magazen ki apwouve pa WIC, tanpri rechaje epi itilize [aplikasyon WIC nan Florid](#) oubyen vizite sit [entènèt nou an](#).

- **Èske Miami-Dade WIC gen yon sit entènèt oubyen yon kont medya sosyal?**

Wi, vizite sit entènèt nou an pou plis enfòmasyon nan www.miamidadewic.org. Nou ajoute yon nouvo ki rele "[COVID-19 Response](#)" seksyon pou plis dènye sou pwogram WIC la.

Pwogram WIC nan Miami-Dade se ofisyèlman sou medya sosyal! Swiv nou sou [Facebook](#) ak [Instagram](#) @ MiamiDadeWIC.